

Espwa Vivan, Yon Motif Pou Viv Yon Lavi Pwòp

« Tout moun ki gen espwa sa a nan kè yo ap kenbe kò yo pou yo pa fè sa ki mal, tankou Jezikri te kenbe kò l' pou l' pa t' fè sa ki mal » (1 Jan 3:3).

Moun ki gen yon espwa vivan nan Bondye konsa rete fèm nan kous lavi li. Li pa ni dekouraje devan severite mal konsevwa Senyè li, ni li pa meprize richès bonte Li. Ni

li pa wè difikilte kous devan li pi gran pase li gen fòs pou gen venk, ni espere yo si piti pou sede nan viktwa jistan li mete tout fòs li. Esperyans li deja gen nan batay kreyen an asire li ke li pa kapab gen okenn avantaj si li pa

pouswiv menm kous ak apòt la: « M'ap kouri . . . Mwen tankou yon nonm k'ap tire koutpwen . . . Mwen aji di ak kò m', mwen kenbe l' kout, pou . . . yo pa voye m' jete apre mwen fin moutre lòt yo sa pou yo fè » (gade 1 Korentyen 9:26-27).

Ak menm disiplin lan, tout bon sòlda

Kris abitye tèt li pou sipòte difikilte. Apre li fin konfime e fòtifye nan eprèv yo, li va kapab renonse non sèlman travay fènwa yo, men tout dezi e pasyon ki pa soumèt devan lalwa Bondye a. Paske tout moun ki gen espwa sa a, apòt Jan di, kenbe kò yo pou yo pa fè sa ki mal, tankou


Jezi te kenbe kò l' pou l' pa t' fè sa ki mal. Se sousti

kreyen an chak jou, ak gras Bondye nan Kris la e atravè san alyans la, pou netwaye fon nanm li, retire ladan tout konvwatiz ki anvan te kontwole li e sal li. Li byen konnen

kò li se tanp Bondye, e li pa dwe admèt anyen antre nan kay la kote Lespri sentete a asepte rete.

Atik sa a sòti nan *Renew My Heart, Daily Wisdom from the Writings of John Wesley*
Se Alice Russie ki konpile li
© 2002 by Barbour Publishing, Inc.
PO Box 719 Urichsville, OH 44683
www.barbourbooks.com
Itilize avèk pèmisyon

Moun ki gen yon espwa vivan nan Bondye . . . pa wè difikilte kous devan li pi gran pase li gen fòs pou gen venk.



Limye Pou Lekòl La

Septanm - Oktòb 2009

Papa Mwen Konnen

« ... Men, Bondye li menm toujou kenbe pawòl li : li p'ap kite yo tante nou yon jan ki depase sa nou ka sipòte. Men, lè nou va anba tantasyon an, l'a ban nou fòs pou nou ka sipòte l', pou nou ka sòti anba li » (1 Korentyen 10:13).

Benjamen te byen ede papa li nan libreri fanmi an. Li te toujou al bay komisyon, fè livrezon liv kay kliyan yo, remete liv sou etajè yo, bale libreri a, netwaye plato sann recho a ak kè kontan. Nenpòt sa papa li te mande li fè, li te obeyi rapidman malgre li potko gen dizan laj.

Yon jou yo te gen kèk liv pou pran nan depo a pou mete nan libreri a. Benjamen te lonje bra li e papa li te mete liv yo yonn sou lòt. Finalman ti gason an te bezwen fè efò pou li pa lage chay liv la atè. Papa li te di li : « Tann yon ti moman, mwen gen kèk liv toujou mwen vle voye avèk ou. Tanpri, tann mwen pran yo ».

Benjamen te apiye kò li sou mi an, paske bra li te kòmanse fatige. Nan menm moman sa a yon dam kliyan t'ap pase. Li te wè ti gason an avèk bra li chaje anpil, e kè l' te fè li mal pou ti msye a, li te mande : « Pitit mwen, èske ou pa kwè ou gen ase ? »

Ti gason an te reponn byen fèm : « Papa mwen konnen lè mwen gen ase ! »


Èske se pa menm bagay nan lavi esprityèl nou ? Kèkfwa nou resevwa apèl pou pote chay lou ki sanble twò gwo pou nou. Nou

fwenn eprèv ki teste fòs nou. Kapab gen doule e chagren ki kite nou ap kriye pou mizèrikòd. Nou kapab tante pou abandone lit la e lage men nou nan dezespwa. Nou kapab fè rebèl paske nou panse Bondye ban nou plis pase sa nou kapab sipòte.

Vè la kriye paske li pèdi konpayon lavi li e li oblije rete pou kont li jou apre jou. Estwopeye enfim nan santi li anchene nan chèz woulant li kòm yon prizonye. Moun ki malad pou mouri a konnen li pa rete anpil jou ankò. Timoun ki nan fwaye kote paran li yo gentan separe santi li bezwen sekirite e lamou. Jenn moun ki t'ap tann pou li marye a santi li dekouraje lè fyansey la kraze.

Se pa tout tan lavi nou dous tankou yon bato sou lanmè. Gen van ki soufle e vag ki menase pou chavire bato nou. Kèk nan lit nou yo se fot nou, men yo toujou fè nou soufri. Anreyalite, kilpabilite nou kapab ajoute nan soufrans la.

Pou kontinye nan paj 3



Anseye Responsabilite

Jerry Wadel

Anseye timoun responsabilite se yon pati enpòtan nan prepare li pou yon bon jan lavi. Petèt pwofèt Jeremi te gen responsabilite nan lespri li lè li te ekri : « Sa bon pou nou aprann sipòte depi nou tou jenn » (Lamantasyon 3:27). Se yon benediksyon pou wè matirite nan yon jenn moun ki ap aprann responsabilite.

Bib la bay anpil egzanp konsènan sila yo ki te aprann responsabilite nan jenès yo. Jozèf te fidèl nan prizon, e yo te konnen li kòm yon « moun responsab » (Jenèz 39:22). David te montre kouraj lè li te devan menas danje nan responsabilite li kòm bèje (1 Samyèl 17:34, 35). Neve Pòl la te santi responsabilite pou pataje yon sekre ki te gen danje pou lavi tonton li. Ti sèvant Izrayèl la te fè plis pase devwa li pandan li t'ap sèvi madan Naaman e pataje enfòmasyon ki te fè mèt li resevwa gerizon Bondye. Kisa jenn moun sa yo e anpil lòt moun te aprann, ki te ede yo pou yo volontèman « sipòte » responsabilite ?

Anseye responsabilite kòmanse ti pa ti pa lè timoun nan trè jenn. Timoun sòti rapidman nan laj yo kote lòt moun bezwen fè tout bagay pou yo rive nan yon laj pou fè bagay ni pou kont yo ni pou lòt moun.

Timoun kapab aprann pliye sèvyèt pwòp yo e mete yo nan plas yo. Anvan lontan yo kapab ede ranje kouvè sou tab la nan fè mete ajantri yo, kouto, fouchèt, kiyè kòrèkteman nan plas yo. Timoun dwe aprann pran responsabilite pou tèt yo e pou pwòp zafè yo. Pa egzanp yo kapab ranje kabann yo lematen, pote rad pou lave yo, pran swen Bib yo ak liv lekòl Dimanch. Lè yo antre lekòl, li enpòtan pou n' asire yo konplete devwa yo dwe fè lakay.

Piske pifò nouvo bagay, nouvo responsabilite anvan lontan kapab neglije, antrènman ki konsistan e kontinyèl, nesèsè pou ede yo aprann responsabilite. Timoun dwe akonpli responsabilite debaz pèsonel sa yo nan fason konsistan pou yo vin yon abitud. Nou dwe pare pou swiv devwa ke nou bay timoun. Li fasil pou mande yo fè yon

bagay, men asire ke yo fè l' vre se pati ki pi difisil la. Kèkfwa li pi bon lè nou travay ansanm ak timoun piti yo olye fè yo travay pou kont yo. Lè nou ba yo kout men nou menm, sa kapab ankouraje yo, e sa kapab montre ke nou p'ap mande yo fè plis pase sa nou ta dakò fè nou menm.

Amezi timoun nou yo ap vin pi gran nou bezwen asire ke responsabilite yo kontinye konfòm avèk abilite yo k'ap ogmante. Yo bezwen ankourajman tanzantan pou aprann nouvo bagay ki pi konplike. Se pa tout timoun ki devlope menm responsabilite oubyen pran swen responsabilite menm jan. Kèk bezwen plis ankourajman pase lòt pou pèsèvere nan yon travay oubyen pou aprann kèk nouvo bagay. Kèk mete plis swen nan sa y'ap fè e yo pi konsyan nan nati yo, pandan ke lòt gen tandans pi neglijan e pi dousman. Nou vle yo aprann jan y'ap santi satisfaksyon lè travay yo byen fèt. Nou bezwen ba yo ase rekonesans e lwanj pou ankouraje yo, anmenmtan nou pa vle bay twòp lwanj pou yo kòmanse ap tann sa pou chak ti bagay yo fè.

Kèkfwa timoun vle grandi twò vit, yo vle fè bagay ki sanble enpòtan. Yo kapab pase nan rizib ti travay kòm si yo depase bagay sa yo kounyeya. Si aprann nouvo responsabilite kòmanse pwodwi yon atitud konpetisyon e egoyis, nou bezwen ensiste sou enpòtans fidelite nan responsabilite debaz premyèman. Samyèl te konsakre David wa sou Izrayèl (1 Samyèl 16), men apre sa li te tounen nan travay enb li pou gade mouton. Fidelite e volonte li nan ti responsabilite, pandan l'ap espere vin gran nèg, te prepare li pou pi gran responsabilite e difikilte.

Timoun dwe aprann pran responsabilite pou pwòp aksyon yo. Si nou pèmèt yo blame lòt bagay oubyen moun pou fot pèsonel yo, yo p'ap grandi nan responsabilite. Rann kont se baz pou aprann responsabilite.

Nou vle genyen timoun nou kapab fè konfyans e ki dilijan nan yon travay. Kèkfwa n'ap bezwen ede yo lè yo santi yo pa kapab paske yo pa vle. Se

vre, nou dwe pran prekosyon pou nou pa atann yo fè plis pase sa ke yo kapab, sa kapab dekouraje yo. Sa se yon bon moman pou montre yo kouman pou separe yon gwo travay nan ti moso pou fè li pi fasil pou akonpli.

Nou viv nan yon epòk modèn avèk nouvo aparèy e deplizanpli moun rete lavil. Chanjman sa yo e presyon sa yo fasilman diminye opòtinite pou travay ansanm kòm yon fanmi e lakòz plis endepandans andedan fanmi an. Nou vle pitit fi nou yo konnen e apresye bèl travay pran swen kay la e jwenn kontantman pandan y'ap grandi. Plis timoun aprann pataje responsabilite pou ede bezwen fanmi an, se plis yo pi byen ekipe pou yo fè fas avèk severite yon lemond ki di.

Pitit gason nou yo bezwen anpil travay fizik pou devlope andirans e karaktè. Lè nou ba yo travay deyò ki mande disiplin chak jou sa kapab ede yo devlope bon jan abitud nan travay yo. Si yo pa genyen ase travay nou bezwen planifye kèk pwojè pou bay yo plis.

Nou dwe pre pou sakrifye tan ak efò nou pou anseye responsabilite. Kèkfwa li pi fasil e pi vit pou nou senpleman fè travay yo nou menm

olye pèdi tan avèk timoun ki poko fè esperyans. N'ap bezwen pasyans lè travay la pa fèt byen. Nou mèt atann kèk aksidan, kèk asyèt kase, kèk zouti pèdi e kèk efò ki pa twò bon. Men, nou dwe ba yo opòtinite pou eseye, e wi, menm echwe. Si nou fè chak bagay pou yo pou erè pa fèt, nou manke gwo opòtinite enpòtan pou entrènman pa mwayen pwòp esperyans yo.

Nou kapab mezire pwogrès nou pa mwayen fason yon timoun remake travay pou li fè e fè li san nou pa bezwen di li. Nou vle yo reponn natirèlman lè yo wè yon chay pou pote, yon pòt pou louvri, yon chèz pou ofri. Anseye responsabilite pandan yo pi jenn se pa sèlman pou fè li travay byen e prepare li pou yon lavi pwodiktif. Men, nou vle plase yon fondasyon pou jenès responsab ki yon jou va santi yon pwofon responsabilite devan Bondye Kreyatè li e chwazi sèvi Li. Nou pataje dezi moun ki te ekri Sòm lan : « Se pou pitit gason nou yo tankou jenn plant k'ap pouse. Se pou pitit fi nou yo tankou bèl poto byen travay ki nan tout kwen Tanp lan » (Sòm 144:12).

Reyenprime sòti nan *Home Horizons*
Eastern Mennonite Publications

[Pou kontinye soti nan paj 1](#)

Kèkfwa nou se viktim inosan – nou tonbe nan mitan yon sitiasyon ki pa fot nou, oubyen se efè peche lòt moun.

Men anmenmtan, kèlkeswa n'ap soufri, nou pa dwe tonbe nan enkredilite oubyen doute pwovizyon gras Senyè a. Okontrè, nou kapab kriye avèk apòt Pòl : « Kisa, atò, ki va fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou an ? Soufrans ka fè nou sa ? Osinon kè sere ? Osinon, pèsèkasyon ? Osinon, grangou, mizè, gwo danje, lanmò ? »

Pòl pa t' kite kesyon li san repons. Nou menm tou kapab pran kouraj ak pawòl triyonfan sa yo. « Men, sou tout bagay sa yo, nou genyen batay la nèt ale, gremesi moun ki renmen nou an. Paske, mwen gen lasirans anyen pa ka fè nou

pèdi renmen Kris la gen pou nou : ni lanmò, ni lavi, ni zanj Bondye yo, ni lòt otorite ak pouvwa ki nan syèl la, ni bagay ki la jodi a, ni sa ki gen pou vini pita, ni pouvwa ki anwo nan syèl la, ni pouvwa ki anba tè a. Non. Pa gen anyen nan tout kreyasyon Bondye a ki ka janm fè nou pèdi renmen Bondye fè nou wè nan Jezikri, Senyè nou an » (Women 8:35, 37-39).

Se poutèt sa, nou kapab di avèk konfyans menm bagay Benjamen pitit gason nonm ki vann liv la : « Papa mwen konnen lè mwen gen ase ».

Atik sa a sòti nan *Family Life*, May 2009
Pathway Publishers
Itilize avèk pèmisyon